



Sa Ou Dwe Konnen Sou COVID-19

Mizajou **28/12/20**: BPHC pral mete ajou enfòmasyon sa yo a mezi nouvo enfòmasyon vin disponib.

Kisa COVID-19 la ye?

COVID-19 se yon nouvo maladi respiratwa ki koze pa yon nouvo kowonavirus ke yo pa te wè anvan nan moun. Kijan COVID-19 la pwopaje?

COVID-19 pwopaje fasilman de moun a moun, nan kontak sere (apeprè 6 pye oswa longè bra) ak yon moun ki gen COVID-19. È li pwopaje atravè ti gout respiratwa ki pwodui lè yon moun ki enfekte respire, touse, estènye, pale, oswa chante. Moun ki enfekte ka pwopaje COVID-19 jiska 48 èdtan anvan yo gen sentòm yo. **Anpil moun ki enfekte pa gen sentòm men yo ka toujou pwopaje COVID-19.**

Kisa siy ak sentòm COVID-19 yo ye?

- Lafyèw oswa frison
- Tous
- Souf anlè oswa difikilte pou respire
- Fatig
- Doulè nan misk oswa nan kò
- Maltèt
- Pèt nan gou oswa odè
- Gòj fè mal
- Nen ki bouche oswa k ap fè dlo
- Kèplen oswa vomisman
- Dyare

Kisa ki risk ou pou maladi grav?

Kèk moun ki konsidere nan pi gwo risk pou yo vin malad anpil nan COVID-19. Sa enkli:

- Adilt ki pi ajè
- Moun ki gen yon kondisyon sante kache, ki enkli, men pa limite nan, maladi ren kwonik, COPD, sistèm iminitè febli, maladi kè, dyabèt, obezite, maladi falsifòm

Kilè ou ta dwe fè tès la?

Fè tès la si:

- Ou gen sentòm ki sanble ak COVID
- Ou nan gwo risk pou konplikasyon COVID-19
- Ou te gen kontak ak yon moun ki enfekte ak COVID-19
- Ou te vwayaje oswa ou te nan gwo rasanbleman
- Ou te rasanble ak moun ki pa rete lakay ou

Tès la lajman disponib nan vil Boston. Si w enterese nan aksè tès **COVID-19**, tcheke sit tès vil la la a. Tès nan sit mobil nou yo gratis epi disponib pou nenpòt moun, kèlkeswa sentòm yo oswa kouvèti asirans yo.

Kisa ou ta dwe fè si ou malad oswa panse ou ka gen COVID-19?

- Fè tès!
- Rete lakay ou, eksepte pou jwenn swen medikal.
- Separe tèt ou ak lòt moun lakay ou pou anpeche yo vin malad.
- Si ou dwe kite izòlman, mete yon mask, rete 6 pye apa ak lòt moun, lave men ou souvan, epi netwaye tout sifas ou manyen yo.
- Menm si ou pa santi w malad, ou ka pwopaje COVID-19 bay lòt moun.
- Si ou bezwen ale nan biwo yon founisè swen sante oswa nan sal ijans, rele davans pou fè yo konnen ou gen COVID-19 epi di yo sentòm ou yo. Mete yon mask.

Kilè pou Chèche Atansyon Medikal ijan:

Si ou gen nenpòt nan sentòm sa yo, rele 911 imedyatman:

- Pwoblèm pou respire
- Doulè pèsistan oswa presyon nan pwatrin
- Nouvo konfizyon
- Po bouch oswa figi koulè ble
- Enkapasite pou reveye oswa rete reveye



Komisyon Sante Piblik Boston | Biwo Maladi Enfektye

1010 Massachusetts Avenue | Boston, MA 02118 | www.bphc.org | 617-534-5611